



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
DISTRIBISYON FOUNITI MEDIKAL POU LOPITAL NAN VIL NEW YORK, LONG
ISLAND AK WESTCHESTER**

**339,760 mask N-95, 861,700 mask pou operasyon, 353,300 gan, 145,122 blouz ak
197,085 pwoteksyon pou figi ki deplwaye depi nan Jacob K. Javits Convention
Center**

**Konfime 4,790 ka kowonavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a nan 25,665; nouvo ka nan 2 Konte**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a distribisyon founiti ak ekipman medikal bay lopital yo nan Vil New York, Long Island ak Westchester pou ede pwofesyonèl medikal premye liy yo konbat COVID-19 la.

339,760 mask N-95, 861,700 mask pou operasyon, 353,300 gan, 145,122 blouz ak 197,085 pwoteksyon pou figi ki deplwaye depi nan Jacob K. Javits Convention Center pou ale nan lopital nan rejon sa yo jodi a.

- Vil New York pral resevwa 169,000 mask N-95, 430,850 mask pou operasyon, 176,750 gan, 72,561 blouz ak 39,364 pwoteksyon pou figi.
- Konte Westchester pral resevwa 16,988 mask N-95, 301,595 mask pou operasyon, 17,675 gan, 72,561 blouz ak 3,926 pwoteksyon pou figi.
- Long Island pral resevwa 33,976 mask N-95, 86,170 mask pou operasyon, 35,350 gan, 14,512 blouz ak 7,853 pwoteksyon pou figi.
- Rès Eta New York pral resevwa 118,916 mask N-95, 301,595 mask pou operasyon, 123,735 gan, 50,793 blouz ak 27,485 pwoteksyon pou figi.

Dekèsman sa a ajoute sou 1 milyon mask N-95 ke Eta a te achte ak voye bay Vil New York epi anviwon 500,000 mask N-95 ke Eta a te achte ak voye bay Long Island semèn pase a.

Founiti yo ap distribiye an konsiltasyon avèk Asosyasyon Lopital nan Greater New York (Greater New York Hospital Association) ak Asosyasyon Swen Sante Eta New York (Healthcare Association of New York State), kote tou de ap ede idantifye lopital ki gen pi gwo bezwen yo.

"Pandan kantite nouvo ka yo kontinye ogmante san poz, n ap itilize tout opsyon yo osi agresivman ke nou kapab, sa ki gen ladan ogmante tès yo, izole sila ki enfekte yo, fèmen biznis ki pa esansyèl yo ak bati lopital pou resevwa mas moun", **Gouvènè**

Cuomo te deklare. "Eta a pa ka fè sa poukонт li epi, pou di laverite, nou bezwen plis vantilate ak ekip medikal byen rapid, epi nou bezwen pou gouvènman federal la itilize toutbon Lwa sou Pwodiksyon Defans (Defense Production Act) lan pou fè fabrikan prive ede yo bati ekipman enpòtan sa a. Mwen pa mande gouvènman federal la pou ede New York sèlman nan lide pou ede New York — Mwen mande pou tout moun. New York se premye a — si nou aprann kijan pou amòti enpak la isit la ak pliye koub la isit la, nou kapab ede lòt eta ki se pwochen yo. An nou aprann kijan pou nou aji tankou yon sèl nasyon."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,790 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 25,665 ka konfime nan Eta New York. Nan total 25,665 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|------------|---------------|---------------|
| Albany | 146 | 19 |
| Allegany | 2 | 0 |
| Broome | 9 | 2 |
| Cayuga | 2 | 0 |
| Chemung | 1 | 1 |
| Chenango | 3 | 0 |
| Clinton | 8 | 2 |
| Columbia | 11 | 1 |
| Cortland | 2 | 0 |
| Delaware | 3 | 0 |
| Dutchess | 124 | 24 |
| Erie | 107 | 20 |
| Essex | 3 | 0 |
| Fulton | 1 | 0 |
| Genesee | 1 | 0 |
| Greene | 4 | 0 |
| Hamilton | 2 | 0 |
| Herkimer | 4 | 0 |
| Jefferson | 2 | 0 |
| Livingston | 3 | 0 |
| Madison | 5 | 1 |
| Monroe | 96 | 20 |
| Montgomery | 3 | 0 |
| Nassau | 2869 | 427 |

| | | |
|--------------|-------|------|
| Niagara | 11 | 1 |
| NYC | 14904 | 2599 |
| Oneida | 8 | 1 |
| Onondaga | 60 | 8 |
| Ontario | 7 | 1 |
| Orange | 498 | 109 |
| Orleans | 2 | 2 |
| Oswego | 2 | 1 |
| Otsego | 1 | 0 |
| Putnam | 67 | 22 |
| Rensselaer | 30 | 1 |
| Rockland | 671 | 79 |
| Saratoga | 60 | 7 |
| Schenectady | 46 | 2 |
| Schoharie | 1 | 0 |
| St. Lawrence | 1 | 0 |
| Steuben | 5 | 1 |
| Suffolk | 1880 | 422 |
| Sullivan | 30 | 7 |
| Tioga | 1 | 0 |
| Tompkins | 16 | 1 |
| Ulster | 47 | 12 |
| Warren | 2 | 0 |
| Washington | 3 | 0 |
| Wayne | 6 | 0 |
| Westchester | 3891 | 997 |
| Wyoming | 4 | 0 |

###